

## BAB 5

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana panalungtikan kandaga kecap basa Sunda wewengkon Ciamis di Kacamatan Sidamulih, bisa dicindekeun ieu di handap:

1. Nurutkeun hasil wawancara langsung jeung masarakat di Kacamatan Sidamulih Kabupatén Ciamis, kandaga kecap nu kapanggih aya 278 kecap tina daftar kecap tanyaan nu 564 kecap. Éta kandaga kecap téh rata digunakeun di unggal désa.

Data nu geus aya satuluyna dianalisis dumasar kana parobahan kecap basa Sunda wewengkon Ciamis di Kacamatan Sidamulih. Anu kaasup kana parobahan kecap sacara fonologi aya 26 kecap, anu ngawengku tambahna foném aya sakecap leungitna foném aya 11 kecap, bagantina foném aya 13 kecap, jeung tambahna foném katut gantina foném aya sakecap. Tina hasil analisis parobahan kecap basa Sunda wewengkon Ciamis Kacamatan Sidamulih sacara fonologi taya nu kaasup kana pindahna foném jeung luncatna foném. Anu kaasup kana parobahan kecap sacara morfologi nya éta ngawengku kecap rundayan aya 21 kecap, kecap rajékan aya 7 kecap,

jeung kecap kantétan aya 12 kecap. Sedengkeun parobahan kecap sacara léksikal aya 211 kecap.

3. Peta sebaran wilayah wewengkon Ciamis di kacamatan Sidamulih aya 278 kecap.
4. Upama dikaitkeun kana pangajaran basa Sunda wewengkon luyu jeung konsép nu aya dina KTSP, yén sakola dibéré kabébasan pikeun nangtukeun bahan ajarna dumasar kana pangabutuh siswa luyu jeung lingkunganana. Basa wewengkon bisa dikaitkeun kana pangajaran ngeunaan kandaga kecap.
5. Loba Mangpaatna basa wewengkon dijadikeun pikeun bahan pangajaran di antarana nya éta jadi wahana mekarkeun basa wewengkon sangkan jadi leuwih dipikawanoh, jeung pikeun nambahan kosa kata atawa ngeuyeuban kandaga kecap ngeunaan basa wewengkon sarta sangkan siswa boga pangaweruh ngeunaan basa wewengkon, mibanda kamahéran ngagunakeun basa wewengkon. Lian ti mangpaat, pentingna basa Sunda wewengkon pikeun bahan pangajaran nya éta méré informasi siswa sangkan jadi nyaho bédana basa wewengkon jeung basa lulugu anu mangrupa lambang jati diri (identitas) masarakat Sunda sarta mibanda sikep nu hadé kana basa Sunda dialék di daérah séwang-séwangan.

## 5.2 Saran

Ieu panalungtikan teu leupas tina kakurangan boh dina nalungtik atawa dina cara medarna. Lantaran mung ukur nalungtik ngeunaan kandaga kecapna. Dina cara medarna ogé heureut pisan ukur disawang tina jihat fonologi, morfologi

jeung léksikal. Ieu panalungtikan déét pisan, dipihareup pikeun kahareupna aya panalungtik anu medarna leuwih nyosok jero.

Saran pikeun dunia pendidikan dipihareup leuwih mentingkeun deui ngeunaan basa wewengkon, ku sabab kacida anéhna lamun nepikeun ka teu apal kana basa wewengkon sorangan. Lain ukur jang dunia pendidikan tapi pikeun nu ngadidik na ogé dipihareup leuwih kreatif deui dina nangtukeun bahan ajar utamana pangajaran ngeunaan basa wewengkon sangkan bisa ngirut siswa.

